



Pou Piblikasyon Imedya: 18/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO INISYATIV POU FÈ REPRESYON KONT VÒL AN DETANT ÒGANIZE AK PWOTEJE TRAVAYÈ KI DEVAN LIY YO NAN AKÒ BIDJÈ ANE FISKAL 2025 LA

Akò Bidjè a gen ladan 40.2 milyon dola pou Ekip Devwe kont Vòl an Detay pou Lapolis Eta New York ak fòs lòd lokal la

Yo pral kreye nouvo penalite krim pou agresyon sou yon travayè an detay

Pwopriyetè biznis yo pral gen aksè ak 5 milyon dola kredi taks pou kamera sekirite ak lòt depans anti-vòl yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo inisyativ pou fè repesyon kont vòl an detay òganize ak pwoteje travayè ki nan Devan liy yo ki enkli nan akò Bidjè Eta pou Ane Fikal 2025 la. Apwòch konplè sa a mete plis pouvwa nan men fòs lòd yo, pwokirè yo ak pwopriyetè biznis yo – sa ki vize tout domèn vilnerabilite. Anons Gouvènè Hochul te vini apre yon akò sou Bidjè Eta pou Ane Fiskal 2025 la, ki fè envèstisman istorik nan sekirite piblik epi ki baze sou twazan pwogrè ki te fè diminye krim nan tout eta a.

"Mwen te pwomèt pou m konbat flewo vòl an detay òganize a -- epi nan bidjè sa a, nou te fè li", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Operasyon vòl an detay òganize sofistike yo ap mete travayè ki nan devan liy yo an danje epi yo revann machandiz yo vòlè yo sou mache sou entènèt yo, epi n ap pran nouvo mezi pou mete fen nan dezòd sa a."

Konsantre Gouvènè Hochul sou vòl an detay òganize vini kòm done krim yo montre yon ogmantasyon enpòtan nan krim sa yo pandan sis dènye ane yo. Ofans vòl nan Vil New York ogmante de 51 pousan ant 2017 ak 2023. Vòl, gwo vòl ak ti vòl nan Vil New York ogmante de 86 pousan pandan menm peryòd tan sa a.

Bidjè Eta pou ane fiskal 2025 la gen ladan plan senk pwen Gouvènè Hochul pou konbat vòl an detay òganize:

- **Ranfòse penalite kriminèl** pou nenpòt moun ki atake yon travayè an detay lè li pase nan yon deli rive nan yon krim. Nenpòt moun ki lakòz blesi fizik sou yon travayè an detay k ap fè travay yo pral sibi nouvo krim sa a.

- **Pèmèt pwokirè yo konbine valè machandiz yo vòlè** yo lè yo depoze akizasyon pou vòl. Bidjè a pèmèt machandiz an detay ki soti nan diferan magazen pou yo regwoupe nan bi pou yo rive nan yon sèy ki pi wo lè yo vòlè yo nan kad menm konplo kriminèl la.
- **Fè li ilegal pou ankouraje lavant machandiz yo vòlè** pou pouswiv vandè twazyèm pati yo. Y ap jwenn yon moun koupab si li itilize nenpòt sit entènèt oswa kote fizik pou vann machandiz yo vòlè yo.
- **40.2 milyon dola** pou Ekip kont Vòl Vann an Detay ki devwe nan Lapolis Eta a, Biwo Pwokirè Distri yo ak fòs lòd lokal yo, ki gen ladan 100 pèsonèl Lapolis Eta New York ki devwe pou konbat vòl an detay òganize.
- Kredi taks **5 milyon dola** pou ede ti biznis yo investi nan plis mezi sekirite tankou kamera. Pou ede soulaje fado sou ti biznis yo pou mezi sekirite adisyonèl, Bidjè a kreye yon kredi taks 3,000 dola pou nenpòt ti biznis ki depanse kantite lajan sèy la nan mezi prevansyon vòl an detay.

Angajman Gouvènè Hochul pran pou lite kont vòl an detay nan Bidjè pou Ane Fiskal 2025 la chita sou estrateji prensipal yo ki te bese krim vyolan nan nivo ki pi ba nan listwa. Kòm rezilta pwogram tankou Inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE), ki bay finansman pou fòs lòd lokal yo nan 21 konte andeyò Vil New York, krim ak zam yo te wè yon ogmantasyon konsiderab. Trimès ki sot pase a, rejyon GIVE yo te gen kantite fiziyad ki pi ba nan rekò yo, epi Vil New York te gen kantite fiziyad ki pi ba nan nenpòt trimès depi pandemi an. Depi 2021, asasina nan tout eta a desann 30 pousan.

Sirentandan Lapolis Eta New York la, Steven G. James, te deklare, "N ap kontinye pwofite patenarya fòs lòd nou yo pou plis efò kontinyèl pou anpeche vòlè yo sible sitwayen New York k ap travay di yo. Lapolis Eta a angaje totalman sou pwoblèm sa a epi li p ap tolere moun ki responsab pou vòl plizyè milyon dola nan machandiz, sa ki viktimize alafwa detayan ak piblik la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li, epi Lapolis Eta New York la pare pou angaje resous ki nesèsè pou asire siksè inisyativ sa a."

Senatè Eta Jessica Scarcella-Spanton te deklare, "Mwen te defann mezi sa a pou ogmante penalite pou agresyon sou yon travayè an detay kòm yon krim paske mwen konprann kijan li enpòtan pou pwoteje Nouyòkè yo kont krim vyolan. Dispozisyon sa a nan bidjè a reyafime devouman nou antanke lejislatè a pou pwoteje ti biznis nou yo ak travayè yo atravè New York, ki jis ap eseye debwouye yo. Mwen kontan kolabore ak Gouvènè Hochul pou asire mezi sa a enkli nan bidjè sa a."

Manm Asanble Manny De Los Santos te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li se yon chanpyon fèm nan pwoblèm ki omniprezan nan vòl an detay epi asire nou pwoteje travayè an detay nou yo ak kominote yo sèvi yo atravè politik solid nan bidjè adopte a. Mwen te abòde kesyon vòl an detay la apre mwen te tandè makèt ak bodegas lokal mwen yo sou batay yo chak jou kont pwoblèm sa a ak apèl yo pou pwoteksyon. Ansanm, nou te kreye yon pwopozisyon ak etap pratik pou sipòte biznis yo

nan batay sa a, epi mwen gen konfyans politik sa yo pral gen yon gwo enpak pou anplwaye yo ak ti biznis yo atravè Vil New York ak Eta a."

Pwokirè Distrik Brooklyn Ian Eric Gonzalez te deklare, "Vil Nouyòk te fè pwogrè remakab nan konbat vyolans nan kominote nou yo, epi mwen felisite Gouvènè Hochul ak Lejislati a pou lidèchip yo pou yo sispann vòl an detay epi pwoteje anplwaye an detay yo nan Bidjè Eta ane sa a. Lejislasyon sa a make yon etap enpòtan nan efò kontinyèl nou yo pou asire pwoteksyon ak sekirite pou Nouyòkè yo epi enklizyon finansman pou konstwi sou pwogram anti-vòl ki gen siksè, ki gen ladan pwogram afidavi entwizyon nou an pou sispann residivis yo, siyale yon angajman solid pou abòde vòl nan magazen tèt pou tèt Travay ansanm, n ap fè yon deklarasyon klè: kominote nou yo ak moun k ap travay di k ap sèvi yo merite fonksyone nan yon anviwonman ki pa gen anachi ak laperèz."

Avoka Distri Queens Ian, Melinda Katz, te deklare, "Nou dwe fè tout sa nou kapab pou nou goumen kont vòl an detay pou sipòte biznis lokal yo, travayè yo ak achtè yo. Mèsi Gouvènè Hochul paske li ban nou zouti adisyonèl pou ede nou konbat vòl nan magazen ki gen ladan plis penalite pou krim agresyon sou yon travayè an detay. Kominote nou yo ap pwospere lè biznis lokal yo ap pwospere epi n ap kontinye travay pou kreye yon anviwonman an sekirite pou machann yo ak rezidan yo."

Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Konsèy pou Revandè nan Eta New York la, Melissa O'Connor, te deklare, "Endistri ki Vann an Detay la sipòte anpil chak dispozisyon bidjè ki gen rapò ak krim an detay òganize ak vòl abityèl an detay nan Eta New York, paske nou te priyore anpil nan inisyativ sa yo pandan plizyè ane. Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li koute defi magazen yo ak anplwaye yo ap fè fas, epi li mennen nou nan yon pwen kote nou pral gen nouvo lwa byento pou anpeche aktivite ilegal sa a yon fason efikas. Travay nou sou magazen ak sekirite kominote p ap sispann lè bidjè eta ane sa a adopte. N ap kontinye angaje ak tout pati konsène yo pou asire yon anviwonman pou fè makèt ki an sekirite pou tout Nouyòkè yo."

Vis Prezidan Egzekitif The Business Council of New York State Inc., Paul Zuber, te deklare, "Vòl an Detay te vin tounen yon gwo enkyetid pou biznis yo atravè eta a, patikilyèman ti biznis ki gen envantè ekspoze, ki ekspoze yo fas ak krim sa yo. Nou remèsye Gouvènè a paske li priyore mezi sekirite sa yo davantaj epi paske li pwoteje moun ki bay travay epi ki kontribiye nan ekonomi eta ak lokal yo."

Kathryn Wylde, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral pou Partnership for New York City, te deklare: "Gouvènè Hochul te konsantre yon fason apwopriye pou sispann vòl an detay, youn nan pwoblèm sekirite piblik ki pi vizib epi ki twouban nan vil yo atravè Etazini. Aksyon li yo pral dekouraje alafwa vòl ak blesi sou travayè an detay yo, sa ki enpòtan pou restore konfyans piblik nan eta dedwa."

Fondatè CAPS la, Nelson Eusebio, te deklare, "Nou felisite Gouvènè Kathy Hochul paske li pa jis abòde vòl an detay, men paske li sèvi magazen, travayè ak kliyan nou yo. Bidjè leta sa a se yon viktwa reyèl, epi li abòde pwoblèm vòl an detay la tèt pou tèt."

Travayè an Detay yo, ke yo te konsidere kòm esansyèl pandan pandemi an te bezwen èd, epi nou kontan ke Gouvènè Hochul ak lejislati eta a te sèvi yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)